

Broward County Public Schools

Gid Konplè Plan-Lekti-Lakay Klas Ane K-5



Tab Matyè-yo

Lèt Pou Paran.....	3
Kolabore avèk Paran/Gadyen	4
Sijesyon ak konsèy ki va ede pitit-ou devlope abilte nan lekti	4
Estrateji miltisansoryèl pou ede nan aprantisay lekti	5
Satisfè bezwen edikatif tout aprenan	6
Apèsi sou konpozan lekti	7
Aktivite langaj oral	8
Aktivite konsyans fonemik/fonolojik	9
Aktivite fonik	10
Aktivite fasilite nan lekti ..	11
Aktivite vokabilè.....	12
Aktivite konpreyansyon	13
Enpòtans pou elèv vin lekòl regilyèman	15
Resous.....	16
Resous Literasi pou Klas Grades K-2.....	16
Resous Literasi pou Klas Grades 3-5.....	18
Referans.....	19
Kontak Enfòmasyon	20



Lèt pou Paran

Paran/Gadyen,

Kòm paran, ou se premye pwofesè pitit-ou epi pwofesè ki pi enpòtan-an. Ou jwe yon wòl esansyèl nan siksè akademik pitit-ou. Fè lekti ansanm ak pitit-ou, menmsi se sèlman diran 20 minit chak jou, se yon metòd pwouve ki pwomouvwa byen bonnè langaj ak literasi. Nou ankouraje-ou mete ann aplikasyon, lakay-ou, toulejou, kèk estrateji ak teknik senp ki va gen yon enpak pozitif sou siksè pitit-ou lekòl.

Broward County Public schools – Lekòl piblik Broward County pran angajman ede tout timoun atenn pi wo potansyèl-yo kòm aprenan lavi diran epi vin lektè konpetan rive klas twazyèm ane. Distri-a kreye yon *Read-at-Home Plan* (Plan-Lekti-Lakay) pou fasilite akizisyon konnesans nan langaj ak literasi. Bi plan-lekti-lakay se bay paran/gadyen, konsèy ak resous nesèsè ki va asire pitit-ou reyisi lekòl. Plan-lekti-lakay, *Read-at-Home Plan*, enkli estrateji lekti ak estrateji miltisansoryèl, ou kapab enplimante lakay-ou nan kad woutin toulejou oswa lè ou an deplasman. Plan-an va ede w fè yon enpak pozitif sou reyisit pitit-ou lekòl. Estrateji miltisansoryèl ki entegre aprantisay vizyèl (wè), oditif (tande), taktil (touche), ak kinestezik (mouvman) enkli nan plan-an pou asiste elèv-yo konprann mye nouvo enfòmasyon, aprann metòd ki va fè yo retni enfòmasyon-an, epitou gen plis fason pou chonje enfòmasyon-an pita.

Nou ankouraje ou pale ak pwofesè pitit-ou epi konsilte Gid Literasi BCPS (*BCPS Literacy Field Guide*) sou sit <http://www.bcps-literacyguide.com/> pou enfòmasyon ak estrateji adisyonnèl.

Sensèman,
BCPS Office of Academics
BCPS Biwo Akademik



Kolabore ak Paran/Gadyen

Rechèch-yo sigjere fè lekti lakay-ou ansanm ak pitit-ou ede-li devlope langaj pale, anrichi vokabilè, amelyore abilte-li pou koute, epi devlope lespri kritik. Pou pitit-ou vin yon lektè konpetan sa mande pratik. Etid-yo pwouve si yon timoun konsakre yon bon pati nan tan-li fè lekti, se plis li va fè pwogrè epi reyisi lekòl.

Kijan Paran Kapab Ede

Tablo anba-a ofri sijesyon ak konsèy senp ou kapab mete ann aplikasyon lè wap li ak pitit-ou lakay-ou. Se konsa ou ka ede pitit-ou vin yon lektè konpetan.

Anvan ou li	Pandan wap li	Apre ou fin li
Atire atansyon pitit-ou sou tit liv-la.	Lonje dwèt-ou sou mo espesifik nan yon tèks.	Mande pitit-ou pataje sa li chonje de istwa-a.
Diskite sou sijè tèks-la ka petèt trete.	Atire atansyon pitit-ou sou jan liv-la enprime, ekriti, etc.	Pale sou pati lekti-a pitit ou prefere.
Gade tèks-la epi pale sou imaj ak foto ki nan tèks-la.	Li byen fò pou pitit-ou.	Pale sou sa nou aprann nan lekti-a.
Chèche yon kote akeyan pou ou fè lekti ansanm ak pitit-ou.	<i>Echo read</i> (ou li yon liy oswa yon fraz, epi pitit-ou repete apre w.	Ede fè koneksyon ant lekti-a ak lavi pitit-ou oswa ak lòt liv pitit-ou te deja li.
Louvri toudebò liv-la pou montre imaj ak foto-yo.	Li anmenmtan ansanm.	Mande pitit-ou rakonte istwa-a ankò.
Fè prediksyon osijè tèks-la.	Pale ak pitit-ou sou lekti-a.	Pale ak pitit-ou sou jan nou ka imajinen yon swit pou istwa-a.

Kijan Lekòl-yo Kapab Ede

Pwofesè saldeklas-la va detèminen si yon elèv gen difikilte nan lekti. Pwofesè-a va konsilte avèk paran/gadyen pou enplimante yon plan pwogrè kontwole [progress monitoring plan- (PMP)]. Plan PMP prepare pou dokimante entèvansyon ak asistans apwopriye ki satisfè bezwen edikasyonèl espesifik yon timoun. Lekòl-la va voye lakay-ou yon kopi plan PMP pou asire paran/gadyen okouran de tout entèvansyon pitit-li ap resevwa.

Nou ankouraje-ou pran yon randevou ak pwofesè pitit-ou epi diskite piplis nan ki pati yon matyè pitit-ou gen difikilte epitou ki plan ki adrese feblès ak lakin pitit-ou. Pwofesè pitit-ou va pataje ak ou estrateji ou kapab itilize pou ede pitit-ou, lakay-ou. Bi-nou se travay an kolaborasyon ak ou pou asire pitit-ou atenn tout potansyèl akademik-li.

Sijesyon ak konsèy ki va ede pitit-ou devlope abilte-li nan lekti

Kindègadenn – Kindergarten

- Li liv, *predictable books*, pou pitit-ou. Anseye pitit-ou tande epi repete mo, tankou non koulè, chif, lèt ak zannimo. Liv, *predictable books*, (liv previzib) ede timoun-yo konprann òganizasyon istwa nan yon liv epi jan istwa-a ap pwogrese. Yon timoun aprann fasilman fraz ki familye epi repete-yo, fè sanblan lap li toutbon.
- Li liv ki gen mo ki rime epi pratike son langaj epitou fè aktivite tankou jwèt mo senp (Egzanp *Konbyen mo nouvo ou ka pwodi epi ki sanble ak mo “bat”?*)

Klas Premye Ane - First Grade

- Lonje dwèt-ou sou relasyon ant lèt ak son nan mo pitit-ou ap aprann sou etikèt, bwat, jounal ak revi.
- Lè pitit-ou pote lakay liv lekòl, koute pitit-ou k ap li mo epi k’ap li liv-yo. Pran pasyans epi koute pitit-ou pandan lap pratike. Fè li konnen ou gen anpil fyète koute sa lap li.

Klas Dezyèm & Twazyèm Anne - Second & Third Grade

- Fè pitit-ou li ak yon vwa byen fò pou amelyore presizyon nan lekti epi lonje dwèt-ou sou mo li te manke epi apresya ede pitit-ou li kòrèkteman tout mo-yo. Si ou pat prete atansyon a yon mo, mande pitit-ou reli tout fraz-la nèt pou fè sèten li konprann sans fraz-la.

**Taken from the U.S. Department of Education “Helping Your Child Become A Reader” and The Partnership for Reading “Put Reading First” publications.*



Estrateji Miltisansyorèl pou Ede nan Aprantisay Lekti

Estrateji miltisansoryèl entegre aprantisay vizyèl (wè), oditif (tande), taktil (touche) ak kinestezik (mouvman) pou asiste elèv-yo konprann mye nouvo enfòmasyon, aprann metòd ki va fè yo retni enfòmasyon-an epi gen plis fason pou ede elèv-yo memorize epi chonje enfòmasyon-an pita. Gendefwa, nou kapab itilize sans goute. Diferan metòd-sa-yo estimile diferan pati nan sèvo. Sa ede elèv-yo dekouvri estil aprantisay-yo, ki inik, epitou dekouvri ki teknik ki bay meyè rezilta pou yo. Estrateji miltisansyorèl efikas pou tout aprenan epi ede elimine obstak/baryè nan aprantisay. Plizyè estrateji nan Plan-Lekti-Lakay entegre estrateji miltisansoryèl. Men kèk estrateji pou chak metòd aprantisay.

Vizyèl - visual

- Itilize penti, afich/postè, videyo, eleman kreyatif vizyèl, ak èd vizyèl.
- Jwe jwèt tic-tac-toe ak mo-yo.
- Kreye *word flip books*, yon liv animasyon (folyo-skòp).
- Lonje dwèt ou sou lèt ak mo ki montre sityasyon reyèl nan lavi ak nan anviwonman.
- Itilize òganizatè grafik (*graphic organizers*) pou ede ak konpreyanson istwa epi rakonte istwa plizyè fwa.

Oditif - auditory

- Itilize mizik, chante, son rime, tonalite, lirik, bat men, ak konvèsasyon.
- Entegre kadans ak ritm nan woutin toulejou.
- Li powèm ak liv kote mo-yo rimen.
- Jwe jwèt Tongue Twisters (virelang, difikilte pwononse mo).
- Li ak yon vwa fò. Repete lekti. Anrejistre lekti pitit-ou fè.
- Mande pitit-ou imite-ou lè wap li ak ekspresyon.
- Koute liv anrejistre sou CD oswa sou yon iPod.
- Ale an pwomnad epi pandan wap mache anrejistre son ou tandè.

Touche – Tactil (touch)

- Itilize lèt mayetik (letter tiles), monnen, domino, sab, papye ak liy (raised line paper), teksti, penti sou dwèt.
- Itilize krèm bab (shaving cream), avwann (oatmeal), oswa mayi moulen (cornmeal) pou ekri lèt ak mo.
- Eple epi grave mo avèk/nan patamodele.
- Itilize fèy sable (sandpaper), lakrè, ak pyès Legos pou fè lèt/mo.

Kinestezik (mouvman) - Kinesthetic (movement)

- Pratike ekriti sou lè ak sab.
- Avèk dwèt-ou, ekri lèt sou do pitit-ou epi mande pitit-ou devinen ki lèt ou ekri.
- Itilize mouvman kò-ou tankou sote alakòd, pou son-yo epi bat men an kadans.
- Manipile lèt ak/oswa mo avèk blòk, pèl, jeton bingo, lèt mayetik, pyès alfabèt (stamps), oswa penti (puffy paint).
- Apre ou fin koute yon istwa, monte yon ti pyès teyat baze sou istwa a.
- Itilize maryonnèt pou rejwe istwa-a oswa fè yon mizansèn sa va ede devlope fasilite langaj (fluency) timoun-nan.
- Pran yon balon pou laplaj epi kreye yon balon konpreyasyon (comprehension ball). Make sou balon-an mo-sa-yo Kilès, Kisa, Kilè, Ki kote, Poukisa epi Kouman – *Who, What, When, Where, Why, and How*. Voye balon-an anlè kite pitit-ou atrap li epi mande pitit-ou reponn yon keksyon alafwa.
- Fè yon aktivite avèk son. Jwe jwèt Tèt, Zepòl, Jenou, ak Zòtèy. Di yon mo epi mande pitit-ou touche tèt-li sou premye son li tandè, touche zepòl pou dezyèm son, epi jenou pou twazyèm son pandan pitit-ou ap pwononse chak son.

Goute - Taste (Avètisman: Tanpri konsidere alèji pitit-ou kapab genyen.)

- Itilize patamodele pafime, makè, bubble bath pou desine oswa fè lèt/mo.
- Chèche non manje ki kòmanse ak yon lèt n'ap etidye kounyea. Egzanp: *m* se pou mango, muffin, makaroni, mushrooms (chanpiyon), ak milk (lèt).
- Itilize fwonmaj, kalite *cheese whiz*, pou ekri lèt sou bonbon krakèz. Konbinen lèt-yo pou eple non, mo itilize souvan (sight words), epi pou fè aranjman fonik.



Satisfè bezwen edikatif tout Aprenan

Elèv k'ap aprann lang angle - English Language Learners (ELLs)

Lekòl piblik *Broward County Public Schools* bay tout paran ak fanmi elèv k'ap aprann yon dezyèm lang, enpòtans. BCPS konsidere-yo kòm patnè nan edikasyon epi angaje-yo efektivman nan edikasyon pitit-yo. Nou bay premye lang pitit-ou valè epi nou konsidere lang matènèl-la kòm yon atou pou edikasyon-li. Premye lang fanmi-an, kapab fè elèv-yo devlope abilte nan langaj ak literasi anretou sa va ede-yo vin lektè ekselan nan lang Angle. Paran ki pa pale Angle oswa pale Angle enpe kapab kontribye nan edikasyon pitit-yo yon fason itil. Elèv k'ap aprann lang angle kapab bennefisyè lè yo devlope konpetans solid nan literasi premye lang-yo anvan menm yo aprann li nan yon dezyèm lang. Se responsablite pa-nou pou fè koneksyon ant akizisyon konesans anvan ak nouvo konesans epitou asire pwogram-la siyifikatif epi konpreyansib.

Tanpri vizite lyen-sa-yo pou plis enfòmasyon ki va ede w ak pitit-ou.

- **Helping English Language Learners Develop Reading Skills** – Ede aprenan lang angle devlope abilte nan lekti <http://www.browardparents.com/flip/DevelopingReading/flip.htm>
- **Reading Activities for Parents and English Language Learners: Keys to Working Together to Achieve Success** – Aktivite lekti pou Paran ak Aprenan lang angle: Kle kolaborasyon pou reyalize siksè akademik <https://www.browardschools1.com/cms/lib/FL01803656/Centricity/Domain/11106/Reading%20Activities%20final.pdf>
- **Online Resources for English Language Learners** – Resous an liy pou Elèv kap aprann lang angle <https://www.browardschools1.com/Page/29073>

Elèv andikape - Students with Disabilities







Aprenan li byen, eple, epi ekri se yon kondisyon fondamantal pou reyalize siksè akademik. Elèv ki gen divès twoub aprantisay, tankou disleksyè, *dyscalculia* ak *dysgraphia*, gen difikilte devlope abilte nou fèk site-yo malgre lefèt yo resevwa menm enstriksyon ki bennefisyè pifò elèv ki nan menm saldeklas-la. Amelyorasyon rezilta elèv se yon angajman lekòl piblik *Broward County* pran oserye. BCPS bay elèv, lekòl-la idantifye ak twoub aprantisay, yon enstriksyon efikas epi pèsonealize. Pou elèv andikape ka satisfè nòm akademik epi demontre konpetans nan konsèp ak nosyon ki etidye nan matematik, lekti, ekriti, pale ak koute (angle - *English language arts*), enstriksyon-yo dwe entegre sipò pedagogik ak akomodasyon epi adaptasyon.

Tanpri klike sou lyen-sa-yo pou plis enfòmasyon ak estrateji sou jan pou ede pitit-ou. Nou ankouraje-ou pale ak pwofesè pitit-ou epi asire estrateji-yo aliye ak plan edikasyon endividyèl pitit-ou (*individual education plan - IEP*).

- **Literacy Considerations Guide for Students with Disabilities** – Literasi-Gid pou elèv andikape <http://www.bcps-literacyguide.com/downloads/ApplicationforStudentswithDisabilities-LiteracyPlan%20with%20formatting%20revisions.pdf>
- **Accommodations** – Akomodasyon/Adaptasyon <https://padlet.com/esebrowardcountypublicschools/AccommodationsSWD>
- **Intervention Resources** – Resous Entèvansyon <https://padlet.com/esebrowardcountypublicschools/InterventionResourcesSWD>
- **Access Points Instruction** – Enstriksyon Pwen Aksè <https://padlet.com/esebcps/AccessPointsLiteracyResources>
- **Intervention Resources for Exceptional Student Education (ESE)** – Resous Entèvansyon pou elèv ESE http://www.bcps-literacyguide.com/downloads/ESEInterven_Tech.pdf



Apèsi sou Konpozan Lekti

Sis domenn etid Lekti - “Sis Sansasyonèl”	
<p>Langaj oral</p> 	<p>Langaj oral se yon mwayen ki pèmèt timoun-yo esprime panse-yo, kominike lide ak emosyon-yo. Pou timoun-yo, se zouti aprantisay ki pi efikas. Timoun-yo entènalize/asimile nouvo konesans nan pale avèk lòt kamarad-yo. Timoun-yo aprann enpòtans mo nan sitiasyon kominikasyon kote yo koute, pale, epi sèvi ak mo.</p>
<p>Konsyans Fonemik / Fonolojik</p> 	<ul style="list-style-type: none"> • Konsyans fonemik se abiltè espesifik pou fòkis epi manipile son endividyèl nan mo pale. Tande son endividyèl nan yon mo pèmèt aprenan-an fè koneksyon lèt ak son. • Konsyans fonolojik se abiltè idantifye epi manipile pati langaj oral tankou mo, silab, ak atak epi rim. Mo rime, repetisyon, ak chanson tousa se egzanp kouman yon timoun kapab pratike konsyans fonolojik.
<p>Fonik</p> 	<p>Fonik se abiltè konprann kijan son koresponn ak lèt nan sistèm alfabè. Abiltè sa aplikab tou nan rekonnèt ekriti ki reprezante yon son, silab, ak pati mo.</p>
<p>Fasilite</p> 	<p>Fasilite nan lekti se abiltè li kouraman yon tèks, yon fason kontini, avèk vitès, entonasyon, atansyon ak konvansyon ekriti epi aksantye mo-yo. Fasilite rezoud mo se abiltè rezoud mo-yo rapidman e ak presizyon.</p>
<p>Vokabilè</p> 	<p>Vokabilè se konesans mo ki itilize nan langaj ak sans-yo. Ofiramezi timoun kòmanse li tèks ki pi difisil, yo dwe aprann mo vokabilè ki pa fè pati langaj oral-yo.</p>
<p>Konpreyansyon</p> 	<p>Se abiltè konprann epi sezi sans yon tèks oswa plizyè tèks selon plizyè nivo konpreyansyon lekti. Elèv-yo dwe konprann epi fè sans de enfòmasyon yo li nan divès tèks pou elaji konesans-yo de monn reyèl.</p>



Langaj Oral

Langaj Oral (Oral Language) se yon mwayen ki pèmèt timoun-yo esprime panse-yo, kominike lide ak emosyon-yo. Pou yon timoun, se zouti aprantisay ki pi efikas. Timoun-yo entènalize/asimile nouvo konesans nan pale ak kamarad-yo. Timoun-yo konprann enpòtans mo nan sityasyon kominikasyon kote yo koute, pale, epi sèvi ak mo.



Aktivite Langaj Oral (Kindègadenn – Premye ane - K-1)

- Pratike pale yon langaj kòrèk, ki senp epi klè konsa pitit-ou va imite w.
- Anrichisman vokabilè timoun-nan. Entwodi yon nouvo mo epi diskite definisyon mo a. Pratike itilize mo a nan yon fraz fasil ke tout moun konprann. Egzanp, ou ka di “M kwè mwen pral kondwi otomobil-la (*vehicle*) pou m ale nan magazen-an. Mwen twò fatige pou m mache.”
- Pale sou relasyon espasyal (premye, dezyèm, ak dènye; dwat ak goch) ak kontrè (monte epi desann; louvri epi fèmen).
- Bay yon deskripsyon oswa endis, epi mande pitit-ou idantifye sa wap dekri a. Egzanp, di “Nou itilize pou bale atè a” (yon bale - *a broom*), “Li frèt, sikre, epi bon pou desè. Mwen renmen ___ frèz” (*krèmalaglas - ice cream*).
- Mande pitit-ou swiv esplikasyon avèk de-etap epi twa-etap, tankou, “Ale nan chanm-ou, epi pote liv-ou ban-mwen.”
- Ankouraje pitit-ou bay enstriksyon/esplikasyon. Swiv enstriksyon pitit-ou lè lap esplike kijan pou w bati yon tou ak blòk (*tower of blocks*).
- Pratike nome atik toulejou. Egzanp, pandan ou nan kwizin-la ou kapab nome istansil.
- Pale de pèsonaj-yo (karaktè) nan yon istwa. Èske yo kontan oswa tris?
- Aktivite teyat. Fè yon mizansèn pou rakonte ansanm yon istwa epi imajinen yon lòt fason finisman istwa a.

Aktivite Langaj Oral (Klas Dezyèm – Twazyèm Anne - Grades 2-3)

- Ansanm avèk pitit-ou, pratike resite powèm ak chanson, ki pa twò long.
- Mande pitit-ou itilize menm langaj li te wè nan yon istwa oswa nan yon tèks enfòmasyon lè lap repete istwa-a oswa fè yon prediksyon.
- Pratike itilize mo deskriptif pou dekri yon pèsonaj oswa kote yon istwa ap dewoule.
- Ansanm ak pitit-ou, fè yon aktivite kote nou chak jwe yon wòl (*role play*).
- Itilize maryonnèt pou ede pitit-ou monte pyès teyat.
- Fè yon aktivite ak pitit-ou egzanp “kay”. Echanje wòl nan fanmi-an, epi pretann kounyea ou-menm se yon timoun.
- Anrichisman vokabilè. Entwodi yon nouvo mo epi anseye definisyon mo a, oswa itilize mo-a nan yon kontèks fasil ke tout moun konprann. Egzanp, di “M kwè map kondwi otomobil-la pou m ale nan magazen-an. Mwen twò fatige pou m mache.”
- Pandan nap fè pwovizyon, pale sou sa nou pral achte, konbyen atik nou ka bezwen, epi ki plat nou pral prepare. Pale sou dimansyon (gwo oswa piti), fòm (long, wonn, kare), ak pwa (lou oswa leje) pakè-yo.
- Pale sou manje ki sou yon meni, koulè manje-a, teksti, ak gou.
- Itilize mo deskriptif lè wap pale de diferan sal ak mèb andedan kay-la.



Aktivite Langaj Oral (Klas Katriyèm – Senkyèm Anne - Grades 4-5)

- Pratike konvèsasyon ak pitit-ou. Kite chak moun tann tou pa l pou li pran lapawòl.
- Itilize langaj deskriptif lè konvèsasyon pòte sou yon sijè patikilye.
- Montre pitit-ou jan pou li koute lezòt avèk respè epi yon fason responsab.
- Mande pitit-ou chonje oswa refòmile sa li te li, vledi reprann tèks lekti-a men ak mo pa-l.



- Mande pitit-ou pratike itilize menm langaj li te wè nan yon istwa oswa nan yon tèks enfòmasyon lè lap repete yon istwa oswa fè yon prediksyon.
- Mande pitit-ou devlope lide l oswa opinyon-li.
- Bay blag, jwe jwèt devinèt, fè jedemo (pun), pou demontre jan langaj kapab itilize pou pataje imou.
- Ankouraje pitit-ou pale pipilis epi poze keksyon tankou “Kisa ou panse?” “Èske ou dakò?” “Poukisa oswa poukisa pa?”
- Atab, pandan dine, chak moun patisipe nan konvèsasyon; limite distraksyon tankou televizyon, telefòn selilè, oswa mizik k’ap jwe twò fò.

Konsyans fonemik/fonolojik

Konsyans fonemik (Phonemic awareness) se abiltè espesifik pou fokis epi manipile son endividyèl nan mo pale. Tande son endividyèl pèmèt aprenan-an fè koneksyon lèt ak son. Konsyans fonolojik (Phonological awareness) se abiltè idantifye epi manipile pati langaj oral tankou mo, silab, ak atak epi rim. Mo rime, repetisyon, ak chanson tousa se egzanp kouman yon timoun ka pratike konsyans fonolojik.



Aktivite Konsyans Fonemik/Fonolojik - Klas Grades K-1

- Sito ou gen okazyon aprann pitit-ou rekonnèt lèt alfabèt. Kou ou wè lèt-yo, lonje dwèt ou sou lèt majiskil ak lèt miniskil epitou kòm egzèsis, ansanm ak pitit-ou, li liv alfabetizasyon (*alphabet books*).
- Mande pitit-ou reflechi epi di-ou plizyè mo ki kòmanse avèk yon son espesifik. Egzanp, mo ki kòmanse avèk son /m/ oswa /p/ (*mat, paper – tapi, papyè*).
- Konpoze fraz estupid avèk mo ki kòmanse avèk menm son inisyal-la. Egzanp, ou ka di “*Nobody was nice to Nancy’s neighbor.*”
- Ansanm ak pitit-ou, fè yon aktivite son ki rimen epi melanj son; chak moun tann tou pa l pou prezante mo ki rimen (*go – no*) oswa mo senp ak melanj son d/, /o/, /g/ - *dog*).
- Aktivite bat men (*clapping games*) sou silab. Sijè aktivite ka manm fanmi-ou, objè ou jwenn nan kay-la, oswa non kote ou ale oswa ou te ale.
- Pran avantaj opòtinite chante pou pitit-ou oswa chante avèk pitit-ou. Ou ka fè sa lè wap vwayaje nan machin, oswa sou wout k ap mennen nou lekòl. Sanzatann, kreye yon chanson sou lè yon mizik nou konnen epi di sa nou pral fè. Egzanp, sou kadans chanson “*This is the way we wash our hands*” (Se fason nou lave men-nou) ou kapab chante “*This is the way we go to school*” (Se fason nou ale lekòl).
- Ankouraje aktivite jwe ak mo (word play). Itilize powèm, mo ki rime, oswa chanson. Di yon fraz tankou “*What rhymes with Matt?*” (Kisa ki rimen avèk Matt). Konpoze yon fraz estupid ak mo ki rime, tankou, “*Did Matt sit on the cat?*” (Èske Matt chita sou chat-la?) Oswa mete tèt nou ansanm pou rakonte yon istwa osijè yon chat k’ap kouri dèyè yon gwo rat.
- Chèche bon liv ki gen istwa ak mo ki rime (rhyming books).
- Ankouraje aktivite jwe ak mo (word game). Nan aktivite a, chèche mo, konekte son avèk silab epi answit mo. Egzanp, ou ka mande “Si lèt-yo se p-e-n eple *pen*, apre kijan ou ka eple mo *hen?*”



**Kick-ing
Mon-ster**

Aktivite Konsyans Fonemik/Fonolojik - Klas Grades 2-3

- Itilize pwogram konpitè ki fokis sou devlope abiltè konsyans fonolojik ak fonèm. Anpil pwogram-sa-yo itilize grafik kolore epi animasyon pou kenbe timoun-yo angaje epi motive.
- Ede pitit-ou rezoud mo. Retire prefiks oswa sifiks epi kenbe rasin mo-a.
- Chèche nouvo mo. Chwazi yon melanj konsòn (*blend*) (egzanp *bl*), epi mande pitit-ou chèche senk objè/bagay ki kòmanse avèk melanj konsòn-la. Chak fwa pitit-ou jwenn yon objè, ede pitit-ou ekri chak mo sou yon lis (*blanket, blue pen, etc.*).



- Aktivite bat men (clapping games). Chak jwè dwe bat men-li ak kadans sou non manm fanmi, non objè komen ki nan kay-la, non kote nou prale oswa kote nou te ale.
- Lè n'ap fè lekti ak yon vwa fò, di mo-yo lanteman epi repete mo-yo, lè sa nesesè. Pwononse yon mo lanteman konsa sa pi fasil pou tande chak son endividyèl ki fòme mo-a.
- Achte oswa kreye kat lèt (*flashcards*). Sou fas yon kat, ekri lèt ak mo konsa pitit-ou va pratike kreye/fòme mo.
- Pratike segmante (separe) mo epi melanj konsonn (egzanp c-a-t pou *cat*).

Aktivite Konsyans Fonemik/Fonolojik - Klas Grades 4-5

- Pratike bat men sou mo ki konpoze ak twa silab oswa plis (*fish/er/man; par/a/graph; el/e/va/tor*).
- Mande pitit-ou chèche andedan kay-la objè ki koresponn ak mo konpoze - *compound words* (egzanp *football, headboard, watermelon*— foot ball, head board, water melon). Ede pitit-ou ekri yon lis mo, epi segmante mo-yo pou montre de (2) pati mo-a.
- Chache nouvo mo. Chwazi yon melanj konsòn (ekzanp bl), epi mande pitit-ou chèche senk objè ki kòmpanse ak melanj konsòn-la. Chak fwa pitit-ou jwenn yon objè, ede pitit-ou ekri chak mo sou yon lis (blanket, blue pen, etc.).
- Montre pitit-ou jan li pou separe mo, li pa konnen, lè lap fè lekti ak yon vwa fò.

Fonik

Fonik (phonics) se abilte konprann kijan son koresponn ak lèt nan sistèm alfabèt. Abilte sa aplikab tou nan rekonnèt ekriti ki reprezante yon son, silab, ak pati mo.



Aktivite Fonik - Klas Grades K - 1

- Itilize sab oswa patamodele pou fè/ekri lèt senp epi matche son-yo.
- Anseye pitit-ou jan pou li matche son ki nan non-li.
- Ekri lèt sou fas plizyè kat (*card*). Kenbe kat-yo anlè epi mande pitit-ou pratike son-yo.
- Fè aktivite ak liv alfabetizasyon (*alphabet books*). Ekzanp, di “M ap panse a yon bagay ki kòmpanse ak lèt “t”.
- Mande pitit-ou chache andedan kay-la objè ki kòmpanse ak menm son inisyal. Egzanp, mande pitit-ou chache objè ki kòmpanse ak lèt /b/.
- Itilize lèt mayetik (magnetic letters) oswa kat lèt (letter cards) pou konstwi mo.
- Anseye pitit-ou rekonnèt lèt ki nan non-ni.
- Lè nou nan makèt, poze keksyon tankou “Èske ou ka jwenn yon bagay ki kòmpanse ak lèt C?”
- Mande pitit-ou idantifye epi dekoupe lèt li rekonnèt nan rev/magazinn oswa journal.
- Pale sou diferans ant lèt majiskil ak lèt miniskil.
- Mande pitit-ou kategorize lèt-yo selon karakteristik-yo. Egzanp, gwoupe ansanm tout lèt ki gen yon koub, sèk tankou *b, c, a*, etc.

Aktivite Fonik - Klas Grades 2 - 3

- Ede pitit-ou pwononse mo li pa konnen epi ki pa familye. Mande pitit-ou pwononse premye son nan mo a, epi itilize endis nan imaj/foto pou devinen mo a.
- Ekri *letter clusters* (gwoup konsòn) sou fas plizyè kat (*gl, pr, spr*). Kenbe chak kat anlè epi mande pitit-ou pratike pwononse son-yo. Mande pitit-ou chache nan yon liv mo ki fòme avèk gwoup konsonn!
- Mande pitit-ou chache nan kay-ou objè ki kòmpanse ak yon digram –*digraph*- vledi pwononse avèk yon sèl son (ch, th, sh), son ou jwenn nan mo *shoe, chair, oswa thermos*. Ede pitit-ou fè lis objè li jwenn epi souliyen digram-la.
- Itilize lèt mayetik (magnetic letters) pou konpoze mo ki pi difisil e konplike.
- Mande pitit-ou pratike kategorize mo ki gen menm fen-an (*branch, rock, dash, both*, chak mo-sa-yo fini ak yon digram (*digraph*)).



- Òganize yon konpetisyon fonik. Regle kwonnòmèt-la. Gade kilès ki va jwenn plis mo ak yon melanj konsòn (*cl, pr, bl*) nan yon tan yon minit. Fè konparezon lis mo tout moun epi jwe ankò! Pitit-ou va anvi bat dènye rekò-li.
- Ekri se meyè fason pou ranfòse ladrès nan fonik! Mete nan valiz pitit-ou ti nòt-li-yo oswa mande yon fanmi/zanmi voye yon lèt oswa imel bay pitit-ou. Mande pitit-ou reponn alekri epi pwononse tout mo-yo.

Aktivite Fonik - Klas Grades 4 - 5

- Mande pitit-ou gade nan yon rev/magazinn oswa jounal epi chache objè ki kapab yon mo konpoze (football, headboard, etc.).
- Triye mo ki gen menm *letter clusters* (gwoup konsòn), selon divès son (egzanp ch – cheese, machine, school, choir, yacht).
- Si pitit-ou gen difikilte eple yon mo, mande-li segmante (separe) mo-a an silab epi apre ekri mo-a (to/ge/th/er).
- Pratike mo lekti ak ekriti ki itilize souvan e kouraman (high frequency words). Si pitit-ou ka li mo-sa-yo avèk fasilite, ou ka foki plis sou amelyore konpreyansyon.

Fasilite nan Lekti

Fasilite nan lekti se abilite li kouraman yon tèks, yon fason kontini, avèk vitès, entonasyon, atansyon a konvansyon ekriti, epi aksantye mo. Fasilite pou rezoud mo se abilite rezoud mo-yo rapidman e ak prezizyon.



Aktivite Fasilite nan Lekti - Klas Grades K-1

- Li ak yon vwa byen fò epi li kouraman pou bay pitit-ou yon ekzanp lekti.
- Li ak yon vwa byen fò epi mande pitit-ou mache vwa pa l ak pa-ou.
- Mande pitit-ou pratike li menm lis mo, fraz, oswa pasaj kout, plizyè fwa.
- Fè pitit-ou remake siy ponktiyasyon/konvansyon ekriti (vigil, pwen, pwen desklamasyon - *commas, periods, exclamation points*). Demontre kouman vwa-ou chanje chak fwa ou rive sou yon siy ponktiyasyon.
- Montre pitit-ou li avèk espresyon.
- Itilize diferan vwa lè wap li istwa ki familye.
- Envite pitit-ou li anmenmtan ak ou pati istwa-a ki familye.
- Fè lekti repete. Li plizyè fwa yon pasaj lekti ki familye. Envite pitit-ou li anmenmtan ak ou pou eseye dechifre mo ki pi difisil.
- Bay pitit-ou liv ak mo vokabilè previzib epi aranjman mo ki rime konsa pitit-ou ka “tande” son yon lekti kouran pandan lap li liv ak yon vwa fò.
- Itilize liv anrejistre sou tep epi mande pitit-ou swiv lekti a sou yon kopi enprime oswa sou ekran dijital.

Aktivite Fasilite nan Lekti - Klas Grades 2 - 3

- Di yon fraz epi mande pitit-ou repete fraz-la pou ou.
- Bay pitit-ou opòtinite li fasa diferan oditwa (manm fanmi, frè ak sè, zanmi, vwazen, granparan). Kòm egzèsis, mande pitit-ou li istwa-a/tèks pasaj lekti. Apre li fin byen pratike, li ka li istwa-a/pasaj-la fasa yon oditwa.
- Anrejistre lekti-a. Itilize yon telefòn selilè oswa yon aparèy MP3 pou anrejistre lekti pitit-ou. Yon fwa ou fin anrejistre vwa pitit-ou k'ap fè lekti, envite pitit-ou koute lekti-a epi swiv anmenmtan nan liv-la.
- Lè wap fè lekti pou pitit-ou, chonje montre pitit-ou li kouraman avèk espresyon, vitès epi prezizyon konsa pitit-ou gen yon ekzanp de sa li kouraman ye.
- Envite pitit-ou imite entonasyon ak espresyon pandan wap li.



Aktivite Fasilite nan Lekti - Klas Grades 4 - 5

- Pratike lekti repete. Li yon pasaj lekti ki familye, plizyè fwa. Envite pitit-ou li ansanm ak ou epi nou toulede eseye dechifre mo ki difisil.
- Li byen fò pou pitit-ou konsa pitit-ou gen yon ekzanp de sa li kouraman ye. Fè sèten ou li ak anpil espresyon, epi entonasyon apwopriye.
- Li kèk liy yon tèks avèk diferan vwa, epi envite pitit-ou li anmenmtan ak ou epi imite espresyon-ou.
- Ansanm ak pitit-ou, li liy prefere yon powèm. Li yon liy epi pitit-ou li lòt liy-la. Mande pitit-ou imite entonasyon ak espresyon-ou.
- Itilize yon kwonnomèt (stopwatch) pou fikse tan pitit-ou ka li yon pasaj oswa li yon tèks. Mande pitit-ou anrejistre tan-li, epi ankouraje pitit-ou li pasaj tèks lekti a ankò pou li bat dènnye rekò pa l. Mande pitit-ou prete atansyon a konvansyon ekriti pandan lap li.

Vokabilè

Vokabilè se konesans mo ki itilize nan langaj ak sans-yo. Ofiramezi timoun kòmanse li tèks ki pi difisil, yo dwe aprann mo vokabilè ki pa fè pati langaj oral-yo.



Aktivite Vokabilè – Klas Kindègadenn – Premye Anne (Grades K – 1)

- Chak semenn, chwazi yon nouvo mo vokabilè epi aprann sans mo-a epi itilize li nan langaj toulejou. Kreye yon sistèm pwèn avèk manm fanmi-ou epi chache konnen, nan menm semenn-nan, kilès nan fanmi-an ki itilize mo-a pi souvan.
- Afiche mo vokabilè sou plizyè kote nan kay-la (sou miwa saldeben, frijidè, pòt kay-la).
- Anvan ou fè lekti yon liv, feyte liv-la epi diskite mo vokabilè ou kwè ki enteresan oswa ki gen konfizyon posib.
- Fè yon aktivite avèk sinonim, jwe *Hot Potato*. Chwazi yon mo epi yon manm fanmi-an dwe chèche yon lòt mo ki gen menm sans-la. Chak jwè tann tou pa-li jiskaske okenn jwè pa ka panse de yon lòt mo. Eseye fè menm aktivite-a men fwa-sa-a avèk antonim (kontrè).
- Fè yon mizansèn pou entèprete yon mo. Mande lòt manm fanmi w devinen kisa mo-a ye. Chak moun tann tou pa l pou entèprete yon nouvo mo. Egzanp, si mo a se *pensive* (yon moun k'ap reflechi), aji kòm si wap panse entanseman. Chita epi mete de men-ou sou tèt-ou.

Aktivite Vokabilè – Klas 2 – 3 (Grades 2 – 3)

- Diskite mo òdinal tankou premye, dènnye, kòmansman, mitan, etc.
- Lè ou-menm ak pitit-ou nan makèt, pale sa nou wè andedan makèt-la. Egzanp, ou kapab di “Kounyea mwen nan boulanjri-a. Se isit-la mwen ka jwenn gato, bonbon, ak pen.”
- Ekri mo sou fas kat (flashcards) epi ansanm pratike asosiyasyon mo. Egzanp, ekri mo plant, fèy, semans, nan yon kategori si pati sijè a se yon plant.
- Chak semenn, chwazi yon nouvo mo pou aprann epi itilize li toulejou nan langaj pale. Kreye yon sistèm pwèn avèk manm fanmi-ou pou konnen kilès ki itilize mo-a pi souvan okou semenn-nan.
- Afiche mo vokabilè nan kay-la (sou miwa saldeben, frijidè, pòt).
- Anvan ou fè lekti yon liv, gade liv-la epi diskite mo ou panse ki enteresan oswa ki gen konfizyon posib.

Aktivite Vokabilè Klas 4-5 (Grades 4 – 5)

- Fè yon aktivite, jwe *Hot Potato*. Kategorize mo-yo selon sijè ki pi konplèks tankou Gè Endepandans, astwonmi, oswa tèm matematik (*The Revolutionary War, astronomy, oswa math terms*).
- Gade mo-yo anvan ou li pou pitit-ou oswa ansanm ak pitit-ou. Diskite pou pitit-ou sans chak mo ki kapab enteresan oswa ki gen konfizyon posib.



- Fè yon aktivite koleksyon mo. Mande manm fanmi w kolekte otan mo enteresan yo li oswa yo tonbe sou yo diran jounen-an. Atab, lè dine, chak manm fanmi pataje mo pa-li atoudewòl. Diskite sans mo-a, epi pratike itilize mo-a nan langaj pale.

Konpreyansyon

Se abilte konprann epi sezi sans yon tèks oswa plizyè tèks selon plizyè nivo konpreyansyon lekti. Elèv-yo dwe konprann epi fè sans de enfòmasyon yo li nan divès tèks pou elaji konesans de monn reyèl.



Aktivite konpreyansyon - Klas Grades K - 1

- Fè yon konvèsasyon ak pitit-ou epi diskite sa pitit-ou te li. Poze keksyon dirèk e presi epi konekte evènman-yo ak lavi pitit-ou.
- Poze pitit-ou keksyon tankou kilès, kisa, kilè, ki kote, poukisa, epi kouman.
- Ede pitit-ou fè koneksyon ant sa li te deja li avèk esperyans lavi epi evènman ki sanblab ak sa ki te pase nan yon lòt liv.
- Ede pitit-ou kontwole konpreyansyon lè ou mande si li konprann sa li fèk li.
- Mande pitit-ou reli tèks-la pou esplike repons-li.
- Diskite sans mo enkonni, mo pitit-ou te li oswa te tande nan yon istwa.

Lekti liv fiksyon - Reading Fiction:

- Mande pitit-ou fè yon rezime kòmansman, mitan ak fen yon istwa.
- Pandan wap li, yon lè konsa sispann lekti-a, poze keksyon sou yon pèsonnaj (karaktè) istwa-a, pwoblèm ak solisyon.
- Mande pitit-ou pataje ki pati nan istwa-a li prefere esplike poukisa.
- Ankouraje refleksyon. Poze keksyon “Si ou ta reekri fen istwa-a, kisa ou ta chanje ladann?”
- Mande pitit-ou opinyon-li sou evènman/pèsonnaj istwa a. Poze keksyon tankou “Èske ou panse pèsonnaj-la pran bon desizyon-an?” “Kisa ou ta fè diferaman si ou te pèsonnaj-la?”

Lekti ki pa Fiksyon - Reading Nonfiction:

- Li materyèl-la an seksyon kout, asire-ou pitit-ou konprann chak etap pwosesis-la.
- Anvan ou li, gade tit liv-la epi feyte liv-la. Mande pitit-ou “Kisa ou panse ou va aprann ak liv-sa?” “Kisa ou deja konnen sou (topik-la)?
- Diskite sa pitit-ou te deja aprann nan tèks enfòmasyon-an.
- Pratike gade karakteristik tèks-la (tab matyèl-yo, lejann, soutit, tablo, dyagram) pou aprann plis sou topik-la.
- Aprè pitit-ou fin li, mande pitit-ou “Kisa ou panse ou ta renmen konnen plis osijè topik-sa?”

Aktivite Konpreyansyon - Klas Grades 2 - 3

- Fè yon konvèsasyon ak pitit-ou epi diskite sa pitit-ou te li deja. Poze kesyon dirèk e presi, epi konekte evènman-yo ak evènman lavi pitit-ou.
- Poze pitit-ou keksyon-sa-yo kilès, kisa, kilè, ki kote, poukisa epi kouman.
- Ede pitit-ou reli tèks-la pou esplike repons-li.

Lekti Fiksyon - Reading Fiction:

- Mande pitit-ou pou li fè yon rezime kòmansman, mitan ak fen istwa-a.
- Pandan wap li, yon lè konsa sispann lekti, poze keksyon sou pèsonnaj (karaktè) istwa-a, pwoblèm ak solisyon.
- Mande pitit-ou pataje ki pati nan istwa-a li prefere epi esplike poukisa.
- Ankouraje refleksyon. Poze keksyon tankou “Si ou ta reekri fen istwa-a, kisa ou ta chanje ladann?”



- Mande pitit-ou opinyon-li sou evènman/pèsonnaj (karaktè) istwa a. Poze kesyon tankou “Èske pèsonnaj-la pran bon desizyon-an?” “Kisa ou ta fè diferaman si ou te pèsonnaj-la?”
- Apre ou-menm oswa pitit-ou te fin li kèlke paj, poze kesyon-sa “Kisa ou panse k’ap rive apre?”

Lekti ki pa fiksyon - Reading Nonfiction:

- Li materyèl-la an seksyon kout, asire pitit-ou konprann etap pwosesis-la.
- Anvan ou li, gade tit-la epi feyte liv-la. Poze pitit-ou kesyon “Kisa ou panse ou va aprann avèk liv-sa?” “Kisa ou deja konnen sou (topik-la)?”
- Diskite sa pitit-ou te aprann deja nan tèks enfòmasyon-an.
- Pratike gade karakteristik tèks-la (tab matyè-yo, lejann, soutit, tablo, dyagram) pou aprann plis sou topik-la.
- Apre pitit-ou fin li, mande pitit-ou “Kisa ou panse ou ta renmen konnen plis osijè topik-sa?”

Aktivite Konpreyansyon - Klas 4-5 (Grades 4 – 5)

- Mande pitit-ou reli tèks-la ankò pou esplike repons-li.
- Itilize bann desine (comic strips) pou pratike mete istwa-yo an sekans, nan lòd ki kòrèk.
- Fè yon konvèsasyon ak pitit-ou epi diskite sa pitit-ou li deja. Poze kesyon dirèk e presi, epi konekte evènman-yo ak lavi pitit-ou.
- Lè ou tonbe sou yon mo enkonni pandan lekti-a, ankouraje pitit-ou detèminen sans mo-a. Itilize imaj/foto ak lòt endis nan istwa-a pou konn sans mo a. Diskite sans mo a.
- Poze pitit-ou kesyon sa-yo kilès, kisa, kilè, ki kote, poukisa ak kouman. Kesyon ki aplikab a sa yap li.

Lekti Fiksyon - Reading Fiction:

- Lè wap poze pitit-ou kesyon, itilize mo anrapò ak istwa a tankou pèsonnaj (karaktè), pwoblèm ak solisyon. Egzanp, ou ka mande “Kijan pèsonnaj nan istwa-a eseye rezoud pwoblèm yo rankontre?”
- Mande pitit-ou fè prediksyon sou sa ki va rive apre baze sou evènman ki pase nan istwa-a.
- Ede pitit-ou fè konnèksyon ant evènman oswa pèsonnaj-yo nan istwa a avèk esperyans pèsonnèl-li, oswa ak lòt liv pitit-ou li deja.

Lekti non fiksyon - Reading Nonfiction:

- Mande pitit-ou ekri yon fraz kòm lejann sou foto fanmi-an te pran diran vakans.
- Atire atansyon pitit-ou sou lejann, soutit, antèt, ribrik, ankadre, pou jwenn plis enfòmasyon sou topik-la. Poze kesyon ki fè pitit-ou reflechi tankou “Poukisa ou panse otè liv-la enkli yon dyagram nan paj-sa?” Kòm lektè liv-la, kouman dyagram-la ede-ou?”
- Mande pitit-ou reli tèks-la lè lap reponn kesyon.
- Ede pitit-ou pran nòt sou enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks la.



Enpòtans pou timoun vin lekòl regilyèman

Enfòmasyon Enpòtan:

Elèv ki vin lekòl regilyèman kòmanse depi nan kindègadenn atenn nivo konpetans nan lekti rive twazyèm ane, 5 fwa plis pase elèv ki manke sèlman 2 jou chak mwa nan premye 2 ane enstriksyon eskolè.

Absans kwonnik: Manke 10% sou total jou lekòl pandan yon ane eskolè. 1 oswa 2 jou chak mwa sifi pou konte kòm absan.



64%

of kids with good attendance in K and 1st
(missed 9 or fewer days both years)



43%

of kids with at-risk attendance
(missed more than 9 days both years)



41%

of kids chronically absent in K or 1st
(missed 18 or more days one year)



17%

of kids chronically absent in K and 1st
(missed 18 or more days both years)

Kilès ki ka li nan nivo klas-li apre klas 3^{zyèm} Ane (3rd Grade)?

Mwens pase 1 elèv sou 5 ki gen absans kwonnik nan klas kindègadenn ak premye ane tap li nan nivo klas lap fè oswa plis pase nivo klas-li.

SOURCE: Attendance in Early Elementary Grades: Association with Student Characteristics, School Readiness and Third Grade Outcomes, Applied Survey Research. May 2011.

Estrateji pou Regilarite Lekòl (*Good Attendance*)

- Fikse yon è regilye pou pitit-ou al dòmi epi tabli yon woutin lematen.
- Lavèy pare rad pitit-ou epi ranje valiz-li pou lelandemen.
- Pa kite pitit-ou rete nan kay-la sòf si li malad toutbonvre. (Tanperati kò-li depase 100.4 °F, lap vomi oswa li gen dyare, zye-li wòz epi gen kwout)
- Si pitit-ou sanble li anksye osijè lekòl, pale ak pwofesè, konseye lekòl (school counselors), travayè sosyal nan lekòl-la (school social workers), oswa lòt paran ki ka ba-ou konsèy sou jan ou ka fè pitit-ou enterese aprann lekòl.
- Gen yon plan altènatif (bakup plan), si, sanzatan ou blije fè fas ak yon sitiyasyon. Rele yon manm fanmi w, yon vwazen, oswa yon lòt paran pou mennen pitit-ou lekòl.
- Evite fè randevou medikal oswa fè deplasman pwolonje lè lekòl ap fonksyone.



Resous

Abilte nan Lekti kòmanse Lakay

Patisipasyon aktif paran se yon konpozan kle inisyativ **Just Read, Florida!** Apa ede pitit-ou grandi an sante epi kontan, responsablite pi enpòtan se ede pitit-ou devlope abilte nan lekti. Men kèk enfòmasyon ki va ede w derape:

- **Florida Department of Education** – Depatman Edikasyon Leta Florid - www.fldoe.org
 - Pwogram Just Read, Florida! - <http://www.fldoe.org/academics/standards/just-read-fl/>
 - Celebrate Literacy Week – Selebre semenn Literasi - <http://fldoe.org/academics/standards/just-read-fl/celebrate-literacy-week/>
 - Resous pou Paran - <http://www.fldoe.org/academics/standards/just-read-fl/parents.shtml>
 - Li pou w ka aprann - <http://www.fldoe.org/core/fileparse.php/7539/urlt/readtolearn.pdf>
 - Summer Literacy Adventure – Pwogram Literasi diran Lete - <http://www.fldoe.org/academics/standards/just-read-fl/summer-lit-adventure.shtml>
- **Clifford Reading Tips for Parents** – <http://www.fldoe.org/core/fileparse.php/7539/urlt/clifford.pdf>
Clifford the Big Red Dog gen bon sijesyon ak konsèy pou paran osijè senk konpozan esansyèl lekti. Grase a patnèchip-nou ak Scholastic, nou kontan pataje enfòmasyon-an ak ou.
- **Reading Intervention Curriculum** - <http://www.fldoe.org/core/fileparse.php/7539/urlt/manual.pdf>
Kit se mentò nan lekti oswa pwofesè saldeklas, kourikoulòm sa se yon gid ki enkli yon apèsi sou rechèch aktyèl ak leson chak semen pou elèv ki gen difikilte nan lekti, nivo entèmedyè.
- **Parent Tips** – Sijesyon ak konsèy lekti pou paran timoun ki nan laj ale lekòl. <http://www.fldoe.org/core/fileparse.php/7539/urlt/Parent-Tips.pdf>
- **Helping your Child Become a Reader** – Ede pitit-ou vin yon bon lektè – Yon gid sou jan pou pwomote lekti lakay. <https://www2.ed.gov/parents/academic/help/reader/part3.html#note>
- **Summer Reading Activities Kit** – Kit aktivite lekti diran lete – Konsèy Lekti ekselan pou lekti diran lete! <http://www.fldoe.org/core/fileparse.php/7539/urlt/kit.pdf>
- **Tips and Resources - The Partnership** – Sijesyon ak Resous – Patnèchip ak paran <https://www2.ed.gov/parents/academic/help/partnership-tips.html>
- **Florida Public Libraries** – Bibliyotèk Piblik Leta Florid - <http://www.publiclibraries.com/florida.htm>
- **Florida Reading Association: Family Literacy** – Sitweb sigjere ou ka vizite pou jwenn resous literasi ki va benefisyè lafanmi. <http://www.flreads.org/Family-Literacy/links.htm>
- **50 Activities to Promote Digital Media Literacy** – 50 Aktivite pou pwomote Literasi dijital <http://www.fldoe.org/core/fileparse.php/16290/urlt/50APDMLS.pdf>
- **Keyboarding to Support Active Reading Strategies** – Elèv-yo ka tape/antre enfòmasyon nan dokiman tretman tèks oswa pdfs editab pou aktivite lekti swivan:
Pran nòt: Fè rezime, Skeletal Notes, Cornell Notes, Double-Entry Journal
Konpreyansyon: Charting the Text, Charting Verbs List, Cite Textual Evidence, Story Elements, Text Features/Structures, SQ3R, Graphic Organizers
<http://edtech.canyonsdistrict.org/keyboarding-and-literacy.html>

Resous Literasi pou Klas K-2

The Grocery Store: Mande pitit-ou kreye yon lis pwovizyon, kontwole acha oswa ankò mande-li matche kupon ak pwodi ki sou etajè.

ABCya: Pratike tape sou yon klavye ak lòt ladrès nan yon anviwonman jwèt. <http://www.abcya.com/>



American Speech-Language-Hearing Association: Sijasyon pou paran ak èd nan koute, pale, lekti, epi ekriti.

Pou chak klas gen yon lis sijasyon. <http://www.asha.org/public/speech/development/suggestions/>

Barnes & Noble: Vizite sitweb Barnes & Nobles pou lokalize yon libreri ki pre lakay-ou

<http://stores.barnesandnoble.com/stores?searchText=33301&view=list&storeFilter=all>

BCPS Library: Chache non lekòl pitit-ou epi louvri yon sesyon pou jwenn aksè nan resous miltip sou sit-la.

<http://destiny.browardschools.com/common/welcome.jsp>

BCPS Literacy Field Guide: Sitweb-sa prepare pou sipòte bi enstriksyon, nivo elve.

<http://www.bcps-literacyguide.com/>

BCPS Mobile App – BCPS App pou aparèy mobil: App-la kite paran ak fanmi rete branche an tan reyèl epi jwenn aksè nan enfòmasyon sou pèfòmans akademik elèv, balans kont, lè bis vin depoze epi chache elèv ak piplis ankò. <http://browardschools.com/MobileApp>

BCPS Parent Resources: BCPS Resous pou Paran - Jwenn aksè nan enfòmasyon sou sekirite elèv, swiv depre nòt elèv, resous kourikoulòm (pwogram etid), ak piplis ankò.

<http://browardschools.com/Parents-Students/Parents>

Broward County Library: Pou Bibliyotèk Broward, vizite sitweb-yo pou evènman chak semèn ki gratis nan yon branch bibliyotèk ki nan zòn lakay-ou.

<http://www.broward.org/library>

Broward County Library “WOW!” Without Walls: Telechaje (download) liv elektwonik-eBooks, liv odyo, epi stream gratis videyo sou aparèy ou. Ou va bezwen gen yon kont bibliyotèk (library account), ki gratis pou tout rezidan Broward. <http://broward.lib.overdrive.com/ECDFAFB0-6310-4EA4-924D-55592BB74E05/10/50/en/Default.htm>

Broward County Parks and Nature Centers: Pak ak Sant Lanati Vizite sitweb pou divès opòtinite edikasyonèl.

<http://www.broward.org/parks/Pages/Default.aspx>

www.broward.org/Parks/FindNature/Pages/NatureCenters.aspx

Colorin’ Colorado!: Metòd fasil paran ka itilize pou ede timoun vin bon lektè nan onz lang.

<http://www.colorincolorado.org/reading-tip-sheets-parents>

Florida Center for Reading Research – Sant Florid pou Rechèch nan Lekti

http://www.fcrr.org/resources/resources_sca.html

<http://www.fcrr.org/curriculum/curriculumForParents.shtm>

Florida Standards: - Nòm Leta Florid tabli - Depatman Edikasyon Leta Florid founi Resous pou Elèv ak Paran.

<http://www.fldoe.org/academics/standards/florida-standards/student-family-resources.stml>

Just Take 20: Depatman Edikasyon Leta Florid fè kanpay pou bay fanmi elèv k’ap fè klas K-12 aktivite lekti fasil e pratik pou enplimante e ki valorize literasi lavi diran. www.justtake20.org

Newsela: Li atik epi pran quizzes lè ou nan deplasman. Konekte sou aksè inik *Single Sign-On Launchpad*, sit BCPS (Klas Grades 2-5).

PBS Kids: Jwe jwèt lekti avèk pèsonaj/karak tè prefere ou. <http://pbskids.org/games/reading/>

Poetry Sites: Dekouvri talan-ou kòm poet. <http://www.poetryfoundation.org/>

Poetry 4 Kids: Jwe ansanm ak poet Ken Nesbitt, ki ekri sèlman pou timoun piti. <http://www.poetry4kids.com/>

Reading is Fundamental: Aktivite ki ede pitit-ou aprann epi jwe.

<http://www.rif.org/books-activities/activities/by-topic/age-1/>

Reading Rockets: Videyo ki fokis sou lekti epi resous pou paran.

<http://www.readingrockets.org/>

<http://www.readingrockets.org/reading-topics/reading-aloud>

South Florida Parenting: Konsèy pou paran fè edikasyon pitit-yo ak enfòmasyon sou diferan evènman lokal pou timoun.

<http://www.sun-sentinel.com/features/south-florida-parenting/>



Spelling City: Itilize yon lis ki egziste deja oswa pratike lis mo vokabilè pa-ou sou platfòm sit-la.

<http://www.spellingcity.com/>

Storytelling: Bati yon baz pou lavni pitit-ou avèk istwa pase-ou.

<http://www.scholastic.com/parents/blogs/scholastic-parents-learning-toolkit/storytelling-children>

Starfall: Sitweb gratis pou ansèyman baz fondamantal nan lekti. Prezantasyon liv entèaktif ak jwèt fonik.

www.starfall.com

ThinkReadWrite: Yon kolaborasyon ant Asosiyasyon entènasyonal pou literasi ak Komite pwofesè angle onivo nasyonal. Tcheke paj “paran”.

<http://www.readwritethink.org/parent-afterschool-resources/>

Tumble Books: Mande espesyalis medya (*Media Specialist*) lekòl pitit-ou modpas Broward.

www.tumblebooklibrary.com

Wonderopolis: Yon sit entèaktif pou tout moun ‘ki vle dekouvri’. Opòtinite pou tout fanmi-an patisipe.

<http://wonderopolis.org/>

Resous Literasi pou Klas 3-5 (Grades 3-5)

American Speech-Language-Hearing Association: Sijesyon pou paran ak èd nan koute, pale, lekti epi ekriti.

Pou chak klas, gen yon lis sijesyon. <http://www.asha.org/public/speech/development/suggestions/>

Barnes & Noble: Gade sitweb pou okouran de evènman gratis nan yon libreri ki pre lakay-ou.

<http://stores.barnesandnoble.com/stores?searchText=33301&view=list&storeFilter=all>

BCPS Library: Bibliyotèk BCPS – Chache non lekòl-ou epi konekte sou sit-la pou jwenn aksè nan resous miltip.

<http://destiny.browardschools.com/common/welcome.jsp>

BCPS Literacy Field Guide: Prepare pou sipòte bi enstriksyon nan literasi, nivo elve.

<http://www.bcps-literacyguide.com/>

BCPS Mobile App: App-la kite paran ak fanmi rete branche an tan reyèl, jwenn aksè nan enfòmasyon sou pèfòmans akademik elèv, balans kont, lè bis ap depoze epi vin chèche pitit-ou ak piplis ankò.

<http://browardschools.com/MobileApp>

BCPS Parent Resources: Jwenn aksè nan enfòmasyon sou sekirite elèv, swiv depre nòt lekòl pitit-ou, resous kourikoulòm (pwogram etid), ak piplis ankò.

<http://browardschools.com/Parents-Students/Parents>

Broward County Library: Bibliyotèk Broward County. Ale sou sit-yo pou enfòmasyon sou evènman chak semèn ki gratis nan yon branch bibliyotèk zòn kay-ou.

<http://www.broward.org/library>

Broward County Library “WOW!” Without Walls: Telechaje (download) liv elektwonik-eBooks, liv odyo, epi stream videyo gratis sou aparèy-ou. Ou va bezwen gen yon kont bibliyotèk (library account), ki gratis pou tout rezidan Broward.

<http://broward.lib.overdrive.com/ECDFAFB0-6310-4EA4-924D-55592BB74E05/10/50/en/Default.htm>

Broward County Parks and Nature Centers: Pak ak Sant Lanati- Vizite sitweb pou divès opòtinite edikasyonèl.

<http://www.broward.org/parks/Pages/Default.aspx>

www.broward.org/Parks/FindNature/Pages/NatureCenters.aspx

Colorin’ Colorado!: Metòd fasil paran ka itilize pou ede pitit-li vin bon lektè nan onz lang.

<http://www.colorincolorado.org/reading-tip-sheets-parents>

Florida Standards Assessments: Jwenn enfòmasyon espesifik pou elèv ak fanmi; enfòmasyon ki enkli dat ekzamen, konpreyansyon rapò, ak Keksyon moun poze souvan. www.fsassessments.org

Florida Standards: Depatman Edikasyon Leta Florid founi enfòmasyon sou Resous pou Elèv & Paran.

<http://www.fldoe.org/academics/standards/florida-standards/student-family-resources.stm>

Florida Center for Reading Research: Aktivite pou elèv.



http://www.fcrr.org/resources/resources_sca.html

<http://www.fcrr.org/curriculum/curriculumForParents.shtm>

Just Take 20: Depatman Edikasyon Leta Florid ap fè kanpay pou bay fanmi elèv k'ap fè klas K-12 aktivite lekti pratik, fasil pou enplimante e ki valorize literasi pou lavi diran. www.justtake20.org

The National Archives Museum: Gade sitweb pou esplore istwa nasyon-nou atravè dokiman, foto, epi dosye. www.archives.gov

Newsela: Li atik epi pran quizzes lè ou an deplasman. Konekte sou aksè inik, *Broward's Single Sign-On Launchpad*, sit BCPS.

Reading Rockets: Videyo ki fokis sou lekti ak reous pou paran.

<http://www.readingrockets.org/>

<http://www.readingrockets.org/reading-topics/reading-aloud>

Readworks: Sou sit-la tèks lekti gratis, chapit sou abilte ak estrateji, konpreyansyon ak chapit etid woman.

www.readworks.org

South Florida Parenting: Sijasyon pou ede paran ak edikasyon pitit-yo epi enfòmasyon sou diferan evènman lokal pou timoun-yo.

<http://www.sun-sentinel.com/features/south-florida-parenting/>

Spelling City: Itilize yon lis ki egziste deja oswa pratike lis mo pa-ou sou platform sit-la.

<http://www.spellingcity.com/>

ThinkReadWrite: Yon kolaborasyon ant Asosiyasyon Literasi Entènasyonnal ak Komite pwofesè Angle onivo nasyonnal. Tcheke paj "paran".

<http://www.readwritethink.org/parent-afterschool-resources/>

Wonderopolis: Yon sit entèaktif pou tout moun 'ki vle dekouvri'. Opòtinite pou fè tout fanmi-an patisipe.

<http://wonderopolis.org/>

Referans

Òganizasyon ak sitweb-sa-yo sèvi kòm resous pou ede-nou devlope Plan Lekti Lakay - Read-at-Home Plan.

American Speech-Language-Hearing Association: Activities to Encourage Speech and Language

<http://www.asha.org/public/speech/development/Parent-Stim-Activities/>

Colorin Colorado!

<http://www.colorincolorado.org/reading-tip-sheets-parents>

Florida Center for Reading Research

<http://www.fcrr.org/curriculum/curriculumForParents.shtm>

Get Ready to Read

<http://www.getreadytoread.org>

Put Reading First

<https://lincs.ed.gov/publications/pdf/PRFbooklet.pdf>

Reading Partners

<http://readingpartners.org/blog/5-easy-ways-parents-can-increase-their-childs-reading-fluency>

Reading Rockets

<http://www.readingrockets.org/audience/parents>

Scholastic

<http://www.scholastic.com/parents/resources/article/more-reading-resources/reading-tips-parents>



The School Board of Broward County, Florida

600 SE Third Avenue
Fort Lauderdale, FL 33301
754-321-0000
www.browardschools.com

Abby M. Freedman, Chair

Nora Rupert, Vice Chair

Robin Bartleman

Heather P. Brinkworth

Patricia Good

Donna P. Korn

Laurie Rich Levinson

Ann Murray

Dr. Rosalind Osgood

Robert W. Runcie, Superintendent of Schools

Office of Academics

Daniel Gohl, Chief Academic Officer

Learning Division

Dr. Nicole M. Mancini, Director, Elementary Learning Department

Victoria Saldala, Director, Bilingual/ESOL Department

Early Learning and Language Acquisition Division

Dr. Lori Canning, Executive Director, Early Learning and Language Acquisition

Mildred Grimaldo, Director, Literacy Department

Exceptional Student Learning Support (ESLS) Division

Dr. Antoine Hickman, Executive Director, Exceptional Student Learning Support (ESLS)

Jennifer Bigos, Director, Exceptional Student Learning Support (ESLS) Pre-K/Elementary

Student Support Initiatives Division

Michaëlle Pope, Executive Director, Student Support Initiatives

Dr. Laurel Thompson, Director, Student Services Department

Pou enfòmasyon adisyonnèl, tanpri kontakte depatman Elementary Learning Department nan nimewo 754-321-1850.

The School Board of Broward County, Florida, entèdi tout regleman oswa pwosedi ki lakòz diskriminasyon baze sou laj, koulè po, andikap, idantite seksyèl, espresyon seksyèl, nasyonalite, eta sivil, ras, relijyon, sèks oswa oryantasyon seksyèl. Moun ki vle pote plent kont diskriminasyon ak/oswa arasman kapab rele Direktè, *Executive Director, Benefits & EEO Compliance* nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158.

Dapre amannman lwa Americans with Disabilities Act Amendments Act of 2008, (ADAAA), moun ki bezwen akomodasyon/adaptasyon kapab rele Equal Educational Opportunities (EEO) nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158.